

# Ukuntu worryohora amasengesho yawe

Uyu mwimenyerezo uzogufasha gusuzuma ivyo ushira mu masengesho yawe hamwe n'ukuntu ameze.

## IVYO USHIRAMWO

Woba uguma usubiramwo vya bindi nyene igihe cose usenze?

Nimba ari uko biri, gerageza ibi bintu:

Andika ibintu bitatu bituma ushimira Yehova.

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

*“Gushimira Yehova biramfasha kurushiriza kumukunda kuko bituma nshira umutima ku vyiza yankoreye. Ivyo bituma ndushiriza kumukengurukira.”—Jeanette.*

Ubu na ho andika ibintu bitatu biguhagaritse umutima.

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

*“Uko narushiriza gusukira Yehova ibiri mu mutima, ni ko narushiriza kwumva nduhuriwe kandi ni ko narushiriza kubona ko ari umugenzi nyakuri.”—Kiara.*

Andika amazina y'abantu batatu uzi bari mu ngorane.

1. \_\_\_\_\_
2. \_\_\_\_\_
3. \_\_\_\_\_

*“Ni vyiza gusabira abo dusangiye ukwizera bo mu bindi bihugu baba bari mu ngorane canke umuntu ari hafi afise ibibazo.”—Shelby.*

Wamaze kuronka ibintu icenda woza urashira mu masengesho yawe!

**Impanuro:** *“Birafasha kugira urutonde rw'ibintu woshira mw'isengesho maze ukaruterezako akajisho imbere yo gusenga. Uko haca igihe, ivyo bintu birongerekana ugaca woroherwa no kubwira Yehova ikintu cose ufise ku mutima.”*  
—Ciara.



# UKUNTU AMEZE

Muri ibi bintu bikurikira biranga isengesho,  
ni ikihe *kikugora*?

## UBWIMBIKE

(Raba Abaheburayo 5:7.)


## INCURU USENGA

(Raba 1 Abatesalonika 5:17.)

## UBUREBURE

(Raba 1 Samweli 1:12.)

Ni umugambi uwuhe wokwishingira ku bijanye n’amasengesho yawe?



“Birashika nkabona umengo ntura  
amasengesho yo hejuruhejuru. Bi-  
nsaba akigoro gakomeye kugira  
mbwire Yehova uko niyumva  
vy’ukuri.”—Lauren.

Umugambi mfise: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---



“Turarondera umwanya wo kwandi-  
kira mesaje abagenzi canke ku-  
baterefona. Ariko kuganira na Ye-  
hova ni vyo bihambaye. Ni vyo  
dukwiye gushira imbere.”  
—Alana.

Umugambi mfise: \_\_\_\_\_


---

---

---

---

---



“Ni vyiza kumara umwanya munini  
turiko turasenga, kuko bidufasha  
kubwira Yehova akari ku mutima.”  
—Teresa.

Umugambi mfise: \_\_\_\_\_

---

---

---

---

---

# IMPANURO

## Nusenge igihe cose uronse akaryo

Umuyabaga yitwa Maria avuga ati: “Umusi umwe narihweje ikirere kiryohye ijisho, nca numva ndahimbawe cane. Ubwo nyene nacye nshimira Yehova kubera yaremeye ibintu vyiza cane.”



## Rondera ahantu hatekanye

Umuyabaga yitwa Kimberly avuga ati: “Hari igihe niyicarira hanze kugira gusa nsenge Yehova. Kwibonera n’amaso yanje ivyo yaremeye bituma numva ndamwiyegereje. Ni nk’aho yoba ahagaze imbere yanje muri uwo mwanya.”

**Ahantu hatekanye nosengera:**

---

---

---

## Nusome amasengesho ari muri Bibiliya

Uwukiri muto yitwa Helena avuga ati: “Gusoma amazaburi biraryoshe cane. Biramfasha kubona ingene abandi bituye Yehova, bigatuma nipfuzza kumuyagira ntitinya nk’uko na bo babigize.”

**Amasengesho yo muri Bibiliya ankora ku mutima:**

---

---

---

